## ПРОЕКТАН АВТОРШ:

1. Нохчийн Республикин Мехк-Ден а, Правительствон а Администраци

2. Нохчийн Республикин гIишлошйаран а, хIусамийн-коммунальни бахаман а, йагорган а, энергетикин а министерство

3. Нохчийн Республикин Йаздархойн Союз

4. Нохчийн меттан институт



# НОХЧИЙН МОТТ

## НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ГИМН

**Кадыров Хож-Ахьмад**

Харцоно цIе тесна, хийла хьо йагарх,
Нохчийчоь ца йоьжна – гIеттина йаха.
Кавказан ткъес хилла – маршонан ага,
Хьан латтан сий дина йахь йолчу наха.

Барт болу хьан къаьмнаш – мах боцу беркат!
Хьо йоцург Нана йац нохчийн халкъ хьаста.
Тхан дахар, тхан дерзар Даймехкан кхерчахь
Декъалдар доьхуш ду, Далла беш хастам.

Башламан баххьашка дайн синош дуьссу.
Органан тулгIено ненан мотт буьйцу.
Исбаьхьа совгIат хьо, азаллехь делла!
Шатлакхан илли ду тхуна ницкъ белларг!

Къинхьегам, хьан хьуьнарш хазделла шайна,
Хьайн хьалкъан лерамбар кхаъ хуьлда хьуна.
Машаран гIаролехь ирсан некъ тайна,
Сий долуш Нохчийчоь йехийла тхуна!

# БАКЪОНАШ

## ДЕШАН ХIОТТАМ

Цхьа орам болчу дешнех **гергара** дешнаш олу.

**М а с а л а:** деша – дешар – дешархо – дешнарг.

## Орам

Гергарчу дешнийн йукъарчу декъах **орам** олу.

**М а с а л а:** дика – диканиг – дикалла. Орам – дика.

Нохчийн маттахь цхьадолчу гергарчу дешнийн орамера мукъа аз хийцалуш хуьлу: наж – ножан – нежнаш.

## Дешхьалхе

**Дешхьалхе** орамна хьалха а льтташ, дашна керла маьIна луш долу дешан дакъа ду.

**М а с а л а:** ваха – дIаваха – чуваха.

## Суффикс

**Суффикс** дешан дакъа ду. Иза орамна тIехьа льтта. Цуьнан гIоьнца керла дешнаш кхоллало.

**М а с а л а:** пондар – пондарча, хаза – хазалла.

Ши суффикс йолуш а хуьлу дешнаш.

**М а с а л а:** хьеха-р-хо

## Чаккхе

Дешнашна йукъахь уьйр а латтош, хийцалуш долчу декъах **чаккхе** олу.

**М а с а л а:** *Хазачу бIаьстенал токхе гуьйре тоьлу.*
*Аьхкенан дийно Iаьнан бутт кхобу.*

# КЪАМЕЛАН ДАКЪОШ

## ЦІердош

ХІума билгалйечу къамелан декъах цІердош олу.
Цо жоп ло – *мила? муьлш? хІун?* – бохучу хаттаршна.
Масала: мила? – къонах, муьлш? – къонахий,
хІун? – дийнат.
ЦІердешнаш цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь
лела. Масала: адам – адамаш, лам – лаьмнаш.
ЦІердешнаш йукъара а, долахь а хуьлу.
Масала: хьехархо – Асет, газет – «Даймохк»,
журнал – «Орга», Терк, Шела.

## ЦІердешнийш дожарш:

| | |
|---|---|
| ЦІерниг | мила? муьлш? хІун? |
| Доланиг | хьенан? стенан? |
| Лург | хьанна? стенна? |
| Дийриг | хьан? стен? |
| Коьчалниг | хьаьнца? стенца? |
| Хотталург | хьанах? стенах? |
| Меттигниг | хьаьнга? стенга? |
| Дустург | хьанал? стенал? |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ЦI. | нохчий | Даймохк | нана |
| Дл. | нохчийн | Даймехкан | ненан |
| Л. | нохчашна | Даймахкана | нанна |
| Др. | нохчаша | Даймахко | нанас |
| К. | нохчашца | Даймахкаца | ненаца |
| Х. | нохчех | Даймахках | ненах |
| М. | нохчашка | Даймахке | нене |
| Дс. | нохчел | Даймахкал | ненал |

## Билгалдош

ХIуманан билгало гойтучу къамелан декъах **билгалдош** олу. Цо жоп ло – *муха? муьлха? хьенан? стенан? мичара? мацалера?* бохучу хаттаршна.

**М а с а л а:** муха? – кIайн
муьлха? – йуккъера
хьенан? – ненан
стенан? – аннийн
мичара? – йуьртара
мацалера? – стохкалера

Билгалдешнаш лаамаза а, лааме а хуьлу.

ЦIердашца лелачу билгалдашах лаамаза билгалдош олу. **М а с а л а:** лекха керт, болатан тур, Асетан йовлакх.

Лаамазчу билгалдашна тIе *-иг* йа *-ниг* кхетарца кхолла а луш, ша лелачу билгалдашах лааме билгалдош олу. **М а с а л а:** лекханиг, болатниг.

## Терахьдош

Хlуманийн масалла йа рогlалла гойтучу къамелан декъах **терахьдош** олу. Терахьдешнаш хуьлу масаллин а, рогlаллин а.
Масаллин терахьдешнаша хlуманийн масалла гойту. Цара ***маса?*** бохучу хаттарна жоп ло: *пхиъ, йалх, исс.*
Рогlаллин терахьдешнаша хlуманийн рогlалла гойту. Цара ***мосалгlа?*** бохучу хаттарна жоп ло: *пхоьалгlа, шолгlа, ткъолгlа.*

## Цlерметдош

Цlердешан, билгалдешан, терахьдешан метта лелачу къамелан декъах **цlерметдош** олу.
Шайн маьlнашка хьаьжжана цlерметдешнаш тайпанашка декъало:
**йаххьийн** – со, вай, тхо, хьо, шу,  и/иза, уьш/уьзаш;
**дерзоран** – суо, ваьш, тхаьш, хьуо, ша, шаьш;
**гайтаран** – хlара, хlорш, и;
**къастаман** – массо а, дерриг, муьлхха а;
**къастамза** – хьенех, минех, масех;
**дацаран** – хlумма а, цхьа а, аддам а;
**хаттаран** – мила? муьлш? мосалгlа?

## Хандош

Дар йа хилар гойтучу къамелан декъах **хандош** олу. Цуьнан коьрта кхо хан йу: карара хан, йахана хан, йогӀу хан. Хандашо жоп ло *хӀун до? хӀун хуьлу? хӀун дина? хӀун хилла? хӀун дийр ду? хӀун хир ду?* – бохучу хаттаршна.

**М а с а л а:** *хӀун до?* – ловзу, Ӏема, доьшу
*хӀун хуьлу?* – хазло, мацло, цӀинло
*хӀун дина?* – левзина, Ӏемина, дешна
*хӀун хилла?* – хазделла, мацделла, цӀинделла
*хӀун дийр ду?* – ловзур ду, Ӏемар ду, доьшур ду
*хӀун хир ду?* – хазлур ду, мацлур ду, цӀинлур ду

## Куцдош

Даран, хиларан йа билгалдешан билгало гойтучу къамелан декъах **куцдош** олу. Цо жоп ло: *маца? муха? хӀунда? мел?* бохучу хаттаршна.

**М а с а л а:** гурахь, меллаша, арахь, совгӀатана.

Куцдешнийн тайпанаш:
**хенан** – аьхка, гурралц;
**меттиган** – йуьртахь, гена;
**даран суьртан** – сихха, чӀоггӀа;
**Ӏалашонан** – диканна, чӀагӀонна;
**бахьанин** – совгӀатана, йовхонна;
**бараман** – дукхазза, гӀеххьа.

## Масдар

Хандешан билгалзачу кепана тӀе *-р-* суффикс тӀекхетарца хиллачу цӀердашах **масдар** олу.

**М а с а л а:** ладогӀа – ладогӀар, хила – хилар, хьажа – хьажар.

Дацаран дакъалг **-ЦА-** масдарца цхьаьна йаздо.

**М а с а л а:** цадешар, цаларар, цадезар.

## ДештӀаьхье

Дешнашна йукъара уьйр гойтучу гӀуллакхан къамелан декъах **дештӀаьхье** олу. ДештӀаьхьенаш дешнашца къаьстина йазйо.

**М а с а л а:** гӀанта тӀехь, хи чохь, цунна йуххехь.

Коьртачу декъана, нохчийн маттахь лелаш йолу дештӀаьхьенаш: *чу, чохь, тӀе, тӀехь, кӀел, кӀелахь, улле, уллехь, тӀаьхьа, хьалха, тӀехьа, йуххе, йуххехь, йисте, йистехь, хьокъехь, дуьхьа, дехьа, сехьа, йукъа, йуккъе, йуккъехь.*

## Хуттург

Дешнаш йа чолхечу предложенийн дакъош вовшахтосуш долчу гӀуллакхан къамелан декъах **хуттург** олу.

**Масала:** а, йа, амма, ткъа, делахь а, хӀетте а, бакъду, нагахь, нагахь санна, цундела.

## Дакъалг

Дешнашна тайп-тайпана маьӀна лучу къамелан декъах **дакъалг** олу.

**Масала:** -те, -техьа, -теша, -ткъа, -хӀан, -м, -х, -кха, -ма, а, кхин а, ур-атталла, дуьххьал, дуьххьалдӀа, те, хӀаъ, ма, дера, хьан, хьалха, ца, ма, хӀан-хӀа; -ца, кхин, мел, ма, бен, деккъа.

## Айдардош

Тайп-тайпана синхаамаш гойтучу къамелан декъах **айдардош** олу. Цо гойту хазахетар, халахетар, цецвалар, цавашар, оьгӀазвахар, кхеравалар, и.д.кх.

Айдардешнаш хуьлу синхаамийн а, азтардаран а.

**Синхаамийн** – эхӀ, Ӏалелай, хӀай-хӀай;

**азтардаран** – дап-дап, гов-гов.

## Адамийн цӀераш

ЦӀеран чаккхенехь мукъа элп делахь (йа «й» делахь), «хьан?» хаттарна жоп лучохь чаккхенгахь «с» хир ду.

**Масала:** Малика – Маликас
Ваха – Вахас
Ӏийса – Ӏийсас
Зулай – Зулайс

Фамили дийриг дожаре йаьккхича а, хIутту чаккхене «с»; меттигниг дожарехь – «га» хуьлу.

**Масала:** Алиев – Алиевс, Алиевга
Алиева – Алиевас, Алиевага

ЦIеран чаккхенехь мукъаза элп делахь, «хьан» бохучу хаттарна жоп лучохь чаккхенехь «а» хир ду.

**Масала:** Рамзан – Рамзана
Асхьаб – Асхьаба
Абубакар – Абубакар
Зезаг – Зезага
Салахь – Салахьа
Асмаъ – Асмаа

# ХЕНАГУО

## Шеран хенаш

Іа – зима
БІаьсте – весна
Аьхке – лето
Гуьйре – осень

## Де-буьйсанан хан

Іуьйкъе – предрассветное время
Іуьйре – утро
Де – день
Суьйре – вечер
МаьркІаже – сумерки
Буьйса – ночь

## Беттанийн цІераш

Кхолламан бутт – январь
Чиллин бутт – февраль
Бекарг бутт – март
Оханан бутт – апрель
ХІутосург бутт – май
Асаран бутт – июнь
Мангалан бутт – июль
Хьаьттан бутт – август
Товбецан бутт – сентябрь
Эсаран бутт – октябрь
Лахьанан бутт – ноябрь
ГІуран бутт – декабрь

## Беттанийн цIерех кхетам:

**Кхолламан** – шеран йуьхь йолу дела кхолламан бутт аьлла.

**Чиллин** – Iаьнан уггаре а шийла хан йолу дела чиллин аьлла.

**Бекарг** – Iалам денлуш, гIовгIа хилар тидаме эцна, бекарг аьлла.

**Оханан** – цу баттахь латта охуш, гота йоккхуш, бIаьстенан белхаш дIаболош хиларна, оханан аьлла.

**ХIутосург** – цу баттахь латта дохделла, хIу дIаден хан хиларна, хIутосург аьлла.

**Асаран** – асаран хан тIекхаьчна, аьхкенан белхаш марсабовлу бутт хиларна, асаран аьлла.

**Мангалан** – докъар кечдеш, хьалхара мангал хьокху хан хиларна, мангалан аьлла.

**Хьаьттан** – буьртиг-йалташ хьокху а, ору а, чудерзо а хан хиларна, хьаьттахь беш болу белхаш марсабовлу хан хиларна, хьаьттан аьлла.

**Товбецан** – товбуц – хьаькхначул тIаьхьа йуха хьалайаьлла буц – и буц хьокху хан хиларна, товбецан аьлла.

**Эсаран** – йис йуьллу хан хиларна, эсаран (йис бохучу дешан доланиг дожар) аьлла.

**Лахьанан** – Iаьнна чубоьрзуш, лахьа (Iай даа кечдина жижиг) кечдо хан хиларна, лахьанан аьлла.

**ГIуран** – латта гIорош, шело чIагIлуш, Iаьнан мур болалуш хиларна, гIуран аьлла.

## КIиранан денош

**Оршот-де** – понедельник
**Шинари-де** – вторник
**Кхаари-де** – среда
**Йеари-де** – четверг
**ПIераскан-де** – пятница
**Шот-де** – суббота
**КIиран-де** – воскресенье

## Шераш дагардар

**Лурчах** – в позапрошлом году
**Стохка** – в прошлом году
**Кхушара** – в этом году
**Йухашара** – в следующем году
**ТIедогIучу шарахь** – в последующем году

## Де-буьйса дагардар

**Стомара** – позавчера
**Селхана** – вчера
**Сийсара** – вчера ночью
**Тахана** – сегодня
**Тховса** – сегодня ночью
**Кхана** – завтра
**Лама** – послезавтра
**Ула** – на третий день вперед
**ЦIака** – завтра на четвёртый день вперед
**ЦIаста** – завтра на пятый день вперед
**ЦIула** – завтра на шестой день вперед
**ЦIумока** – завтра на седьмой день вперед

## Хан йагарйар

**МIаьрго** – миг, мгновение
**Сиконд** – секунда
**Минот** – минута
**Сахьт** – час
**Де** – день
**Де-буьйса** – сутки
**КIира** – неделя
**Бутт** – месяц
**Шо** – год

БӀешо – век
Оьмар – век человека
Мур – этап, период
Зама – время, эпоха
Хан – время

## Гергарлонаш

Доьзал – семья
Гар – ветвь
Тайпа – род
Тукхум – племя
Къам – нация

## Гергарло

Ваша – брат
Шича – двоюродный брат
Маьхча – троюродный брат
Вовхтар – четвероюродный брат

## Чоь/кхерч

Да – отец
Нана – мать
Десте – мачеха
КӀант – сын
МеракӀант – пасынок

Йоl – дочь
Мерайоl – падчерица
Майра – муж
Зуда – жена

## Дехой

Деда – дедушка
Денана – бабушка
Деваша – дядя
Дейиша – тетя
Девешин кlант – двоюродный брат
Девешин йоl – двоюродная сестра
Шича – двоюродный брат/сестра
Дешича – двоюродный дядя/тетя
Маьхча – троюродный брат/сестра
Демаьхча – троюродный дядя/тетя
Кlентакlант – внук
Кlентайоl – внучка
Йоьlакlант – внук
Йоьlайоl – внучка

## Ненахой

Ненада – дедушка
Ненанана – бабушка
Ненаваша – дядя
Ненайиша – тетя

Ненавешин кӀант – двоюродный брат
Ненайишин йоӀ – двоюродная сестра
Шича – двоюродный брат/сестра
Ненашича – двоюродный дядя/тетя
Маьхча – троюродный брат/сестра
Ненамаьхча – троюродный дядя/тетя

## Марзхой

Марда – свекр
Марнана – свекровь
Марваша – деверь
Маьрйиша – золовка
Кхин – жена деверя
Нус – сноха

## Стунцахой

Стунда – тесть
Стуннана – теща
Стунваша – шурин
Стунйиша – свояченица
Бажа – свояк
Нуц – зять

*Нохчийн доьзал – и деккъа да-нана, бераш хилла ца Ӏа, вайн къоман Ӏадаташца «доьзал» боху кхетам мелла а шуьйра бу.*

# Даьржина гӀалаташ

| Нийса дац | Нийса ду |
|---|---|
| Азо | Азас |
| Мохьмадо | Мохьмада |
| Аюбас | Аюба |
| КӀанто | КӀанта |
| ЙоӀо | ЙоӀа |
| Дадо | Дадас |
| Бабо | Бабас |
| Нано | Нанас |
| ХӀуниг? | Муьлхарг? |
| Хьам бах? | Хьан боху? |
| Замангахь | Заманахь,<br>Заман чохь |
| Дун | Ду хьуна |
| Вун | Ву хьуна |
| Йун | Йу хьуна |
| Соьцоний | Соьца |
| Цуьнцоний | Цуьнца |
| Аьхь ду | Эхь ду |
| Гергал | Гергара |
| Ӏайх ала | Айхьа ала |
| Хьан гӀуо ма гойла! | Хьан вуон ма гойла! |
| Метк | Меттиг |
| ДӀавох | ДӀавоьгӀу |
| Дала хьан гӀуо ма гойтийла! | Дала хьан вуон ма гойтийла! |
| Хьасто | Хасто |

## Олхазарш





**Олхазар** – птица
**ЧIегIардиг** – ласточка
**Хьоза** – воробей
**Къиг** – ворона
**Аьрзу** – орел
**Леча** – сокол
**Маккхал** – коршун
**Куьйра** – ястреб
**Зарзар** – соловей
**ЧIегIаг** – сорока

## Акхарой





**Борз** – волк
**Лом** – лев
**ЦIоькъалом** – тигр
**Цхьогал** – лиса
**Пхьагал** – заяц
**ЦIокъ** – рысь
**Ча** – медведь
**ЧагIалкх** – шакал
**Сай** – олень
**Лу** – косуля

## Цlера дийнаташ





**Йетт** – корова
**Сту/старгlа** – бык
**Гомаш** – буйволица
**Бугlа** – буйвол
**Кхиэл** – кобыла
**Айгlар** – конь
**Говр** – лошадь
**Газа** – коза
**Бож** – козел
**Уьстагl** – овца
**Ка** – баран
**Эса** – теленок
**Бекъа** – жеребенок
**Буьхьиг** – козленок
**lахар** – ягненок

## Сагалматаш



**Полла** – бабочка
**Бумбари** – шмель
**Зингат** – муравей
**Чуьрк** – комар
**Моза** – муха

Гезг – паук
Цаьпцалг – сверчок
ЗIуга – оса
ЦIоз – саранча
Накхармоза – пчела



## Дитташ

Наж – дуб
Акхтарг – тополь
Дакх – береза
Поп – бук
ДагI – карагач
Пха – чинара
БIаьлланг – лешина
База – ель
Дак – ива
Къахк – клен

## Стоьмаш / ЦIазамаш

Кхор – груша
Iаж – яблоко
Хьач – слива
Туьрк – абрикос

**Балл** – вишня
**Шаптал** – персик
**Хьайба** – айва
**БIар** – орех
**Кемсаш** – виноград
**Коканаш** – терновник
**Кхезарш** – смородина
**Комар** – тутовник
**Къакъамаш** – крыжовник
**Мангал-комарш** – ежевика
**Муьргаш** – калина
**Стеш** – кизил
**Харцмуьрг** – городовина
**Хипалонаш** – клюква
**Хьамц** – мушмула
**Хьаьрмак (хьорам)** – шиповник
**ХьуьнцIазам** – земляника
**ХIелонаш** – черника
**Цициг-комар** – голубика
**ЦIазам** – клубника
**ЦIекомар** – малина
**ГIундалгIи (чIижаргIа)** – бузина
**Шоьлхаш (чайнбалл)** – черемуха
**Элхьамч** – боярышник
**Эцхьам** – брусника

## Хасстоьмаш

Хох – лук
Хорсам – редька
ЖӀонк – морковь
Бурак – свекла
Картол – картошка
Наьрс – огурец
Памдор – помидор
Бурч – перец
Копаста – капуста
Хорбаз – арбуз
Паста – дыня
ГӀабакх – тыква
Саьрамсекх – чеснок

## Кхачанан бецаш

Оччам – укроп
Чам-буц – петрушка
Хьонка – черемша
Нитт – крапива
Ӏаждарбуц – душица
Татеш – амарант
ХьожайогӀу буц – чабрец
Муьстарг – щавель
Хьажбуц – мята
Динберг – подорожник

## Беснаш

**КӀайн** – белый
**Іаьржа** – черный
**ЦӀен** – красный
**Можа** – желтый
**Баьццара** – зеленый
**Мокха/боьмаша** – коричневый
**Сийна** – синий
**Ал-бос** – бордовый
**Къорза** – пестрый
**Сира** – серый

## Зезагаш

**АлцӀезам** – тюльпан
**Алзам** – гвоздика
**ПетӀамат** – мак
**Туобалкх** – фиалка
**КӀайдарг** – ромашка
**Баппа** – одуванчик
**Сендарг** – василек
**Лайса** – подснежник
**Ламсегарг** – эдельвейс



# ИСБАЬХЬА ДОШ

*Нохчийн маттах кхечу къомах болчара аьлларг*

## Услар П.К.

«Нохчийн мотт чӀогӀа къиэн хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен гӀоьнца адаман ойланан уггаре кӀоргера агӀонаш а йийцалур йолуш, чӀогӀа хьалдолуш бу».

## Толстой Л.Н.

«Нохчийн мотт уггаре а исбаьхьчу меттанех цхьаъ бу, нагахь хьуна кхоччуш и хууш белахь».

## Фет А.А.

«...ХӀара нохчийн жовхӀарш теси ахь суна, шайна чохь цӀий кхехкаш, вай шех поэзи олуш долу. Баркалла! Ижу йели ахь суна...»

## Нохчийн маттах вайн йаздархоша аьлларг

## Мамакаев Мохьмад

Шен ненан мотт халкъо,
Сий ойъуш, Ӏалашбахь,
Цу халкъан паргӀато
Цхьаммо а хьошур йац.

## Айдамиров Абузар

«Ненан мотт – иза халкъан йуьхь йу, халкъан орам бу. Шен мотт ца хилча, халкъ хуьлуш дац. ХIора нохчи, нагахь санна шен халкъ а, Даймохк а безаш велахь, шен ненан мотт Iамош а, хууш а хила веза. Iамадейша дуьненан дерриге а меттанаш, амма цкъа хьалха шайн ненан мотт а Iамабай, оцу маттахь йаздан а, деша а Iамадай...»

## Бексултанов Муса

«Дала шена йеллачу амалца, шен хотIаца, маттаца гуш хила веза нохчи. Ша мила ву хууш, ваха веза стаг Далла дуьхьал, ша цо ма-кхоллара, нохчи а волуш, ингалсхо, йа кхин хила а ца гIерташ».

* * *

«Къам ца кхиъча – мотт ца кхуьу, матто кхуллу Даймохк а».

## Абдулаев Леча

Ненан маттана аьхна боцчу махкахь кхерчан йовхо гIийла хаало.

* * *

«Нохчийн мотт, хьо биц а бина, хаа безаш белахь, со цхьа а мотт ца хууш вуьсийла».

# НОХЧИЙН МОТТ БАЙТАШКАХЬ

**Арсанукаев Шайхи**

## НЕНАН МОТТ

Доьзалехь бийцар а
Дастам а хеташ,
Хьо винчу ненан мотт
ДӀатесна ахь.

«Сов къиэн бу дешнашна,
Бац атта кхеташ», –
Бохуш, и сийсазбан
Ца хета эхь.

ЛадогӀал цкъа соьга,
«Хьекъале корта»,
ЛадогӀал, йаккхий дӀа
Лергара потт:

Йист йоцу хӀорд санна,
Бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна
Вайн нохчийн мотт.

ГӀиллакхе, оьзда бу,
ДоттагӀче буьйцуш,
МостагӀче вистхуьлуш –
Ду ира герз,

Хьомечу йезаре
Безам ахь буьйцуш –
Бека и, шех хуьлий
Хьан деган мерз!

Мерза бу, моз санна,
Ша безачунна,
Ламанан шовданал
ЦӀена бу и.

Лермонтовс, Толстойс а
ЛадегӀна цуьнга,
Услара даггара
Хестийна и.

БӀешераш хийла дӀа –
Ихна, и бекаш,
Хьацарлахь, къийсамехь
Кхиъна и бу.

Кхоьллинчу халкъана
Сов хьанал бецаш
Даима ша хилла
Нохчийн мотт бу.

Вайн халкъан ойланаш,
Дахар а гӀийла –
Далхадеш, къийсамна
ГӀиттийна цо.

Нохчичун майралла,
Оьздалла хийла
Зевнечу иллешкахь
Йекийна цо!

Кхидолчу къаьмнашна
Шайниш а санна,
Нохчашна шайн мотт а
Сов хьоме бу.

Нагахь хьо ца вагӀахь
Хьайн халкъаццанна,
Хаалахь, декъазниг, –
Хьо цхьалха ву!

## Мамакаев Мохьмад

Хьан бах хьо, сан Даймохк, йаханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, бIарзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан тIулган белшахь
Гуш ду-кх йаздина сан дайшка кхаьчнарг.

## Сулейманов Ахьмад

Мичахь ду хьан ницкъ, кураллий?
Ас аьрзуне хаьттира.
Шен ницкъ болу ши тIам тоьхна,
Аьрзу хьалагIеттира:

Бертахь доьзал, маьрша Даймохк –
Беца къонахчун ши тIам.
Бийца мохккий, моттий бацахь,
Адамех ца олу къам.

## Саидов Билал

Хьайн ненан мотт хаахь,
Ас дозалла до хьох,
Даггара и безахь,
Ас хастам бо хьуна.
ДоттагIа, варийлахь,
Цунах ма херлолахь;
Ненан мотт хьайн бацахь,
Байлахь вуй, хаалахь!

## Айдамиров Абузар

Бекалахь, ненан мотт, тахна,
Дуьнене машаре кхойкхуш,
Лаьтта тӀехь къинхьегам, нийсо,
Вошалла, ирс, машар кхайкхош.

## Хатуев Ӏабдулхьамид

Вайн дахар хаздо,
Вайн ойла йазйо
Бекачохь оьзда
Нохчийчун мотт!
Хиндолчух тешош,
ГӀиллакхаш дебош,
Бека хьо даим,
Сан ненан мотт!

## Кибиев Мусбек

Туьран чов йирзина олу,
Меттан чов йоьрзуш йац цкъа а!
ГӀиллакхан новкъа бер долу,
Нохчийн мотт буьйцуш ша даккхахь...

## Ахмадов Муса

Кхераме дац хьуна мехаш,
Къизачу зуламан ор а. –
Нохчийн мотт хьоьца мел беха,
Онда бу хьан лаьттан орам.

Нохчийн мотт – хьо сина гIортор,
Хьоьца ду тхан хилларг, хиндерг...
Лар йаъйа милла а гIортарх,
Лар йовр йац – тIулга тIехь йитнарг.

## Яралиев Юсуп

Къамел деш пхьоьханахь наха
Сан чIогIа самукъадолу.
Мел олу хIора дош цара
Сан ненан маттахь ма олу.

Деган лерг само йеш дацахь,
Ца кхета дуьйцучух цара.
Суна суо цIахь вуйла-м хаьа,
Ца кIордош, ладоьгIуш цаьрга.

## Цуруев Шарип

Ас лору дуьнен чохь мел долу меттанаш,
Нохчийн мотт – гуттар а сан оьзда дозалла,
Іожаллин цамгаро дІалаьцна меттахь Іаш,
Цу маттахь дийр ду ас весет а доьзале.

Цу маттахь нанас со дуьххьара хьаьстина,
Цу маттахь некъан дош дадас а кхайкхийна.
Цу матто, – уггаре гергарчу сан синна –
Сан, генахь цхьа висча, дог-ойла айъина.

## Талхадов Хьамзат

Сайн ненан маттахь ас йазйо
Сайн хІора Іуьйренан назма.
Сан дахар а цу матто хаздо –
Хир йац-кх цул йоккха хазна.

Цу маттахь со Деле воьлху,
ТІом боцу тийналла йоьхуш.
Вела а цу маттахь воьлу,
Кхера а цу маттахь кхоьру.

# КИЦАНАШ

1. Мехкан доцчу иэро пхьагал ца лаьцна.
2. Сихалло са даьккхина, собаро лам баьккхина.
3. Йиша дуьненан марзо – ваша дуьненан бlоrlам.
4. Адам даго леладо – чlара хино лелабо.
5. Дечигах велахь а – да тоьлу, бlеrlагах йелахь а – нана тоьлу.
6. Вича тиллина цlе велча йаккха йита.
7. Ойла йоцуш динарг rlайгlа йоцуш дирзина дац.
8. Ков-керт эцале лулахо мила ву хьажа.
9. Барт боцчу доьзалехь ирс соцур дац.
10. Баьрчехь агий, неlар тlехьа lасий ма эшайойла вайна.
11. Кlантана хlу лаха, йоlана цу лаха.
12. Чохь доцу сий арахь а хир дац.
13. Муш – беха, дош – доца.
14. Ца хин болчу бахамал сатедина къелла rlоли йу.
15. Комаьршалло кlаг ца баьккхина, сутаралло гу ца айбина.
16. Хьал-бахам – делккъалц, хьекъал – валлалц.
17. Везачунна дала а ца эшна, цавезачунна ала а ца эшна.
18. Йоrlучу набарна rlовла ца эшна, бахначу безамна хазалла ца эшна.
19. Нехан куьйгашца нитташ атта бахало.
20. Барт боцу доьзал – ка йоцу тlом бу.

21. Туьха диънача муьйлур ду хи.
22. Кепах терра хуьлу кибарчиг.
23. ВорхI ломал дехьа диначу зуламан ворхI ломал сехьа чIир эцна.
24. КIай деънначу бIаьргана дерриге дуьне Iаьржа хета.
25. Куралло аркъал саттийнарг – букъ бойна висна.
26. Йуьртаца къевсинарг йуьртах ваьлла.
27. Дош вуониг аьллехь – къорачунна а хеза.
28. Охуш аьлларг оруш карийна.
29. Дуьме ца кхаьчначу цициго: «И-м мерза а хир бацара», – аьлла.
30. Генарчу вешел уллера лулахо тоьлла.
31. ОьгIазло совйаьлча, хьекъал кхарста доьду.
32. XIорд лаьттинчохь уьшал ца эшна.
33. Ала йоIе – хаза несана.
34. Генара зурма хазахета.
35. Тоьхча цавелларг аьлла вийна.
36. Хазачу дашо Iуьргара лаьхьа баьккхина.
37. Шен боцчу динара хотталахь воссийна.
38. Хьарам карадеънарг хайраза карара даьлла.
39. Дукха диъча, моз а къаахьло.
40. Биъ ког боллушехь говр а йолу гал.
41. Аьхка хье ца кхихкинчун Iай йай ца кхихкина.
42. Сиха дахна хи хIордах ца кхетта.
43. Хьаьвзина белахь а, некъ тоьлу.

# НОХЧИЙЧОЬНАН ГЕОГРАФИ



Нохчийчоь – вайн Даймохк бу.

Нохчийчоьнан коьрта шахьар – Соьлжа-ГІала йу.

11 гІала йу Нохчийчохь. Коьрта гІаланаш йу Соьлжа-ГІала (Грозный), Гуьмсе-ГІала (Гудермес), Устрада-ГІала (Аргун).

Вайн махкахь 70 сов хи ду.

Царах уггар а даккхий хиш ду – Терк, Орга, Соьлжа, Яьсси, Марта, Жалкх, Бас, Хулхуло, Ямсу, Валарг, Гих, Гумс, Роьшна, Таьнга, Іарм-хи, Іасс, Ваштар, Іаьржа-Ахк, Ваьрди-Ахк, ГІой, Мичка.

Вайн махкахь долчу Іаьмнех уггар даккхий Іаьмнаш ду – Къоьзан-Іам, ГаланчІожара Іам. Къилбаседа Кавказехь а уггар кІорга Іам бу Къоьзана.

Вайн республикехь 15 кІошт йу.

Нохчийчохь дукха а лаьмнаш ду. Царах уггар лекха лам Дакох-Корта бу (4493 м).

## НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ГIАЛАНАШ

Соьлжа-ГIала
Гуьмсе
Курчалой-Эвла
Невре-ГIала
Ойсхар
ТIехьа-Марта
Устрада-ГIала
Хьалха-Марта
Шела
Шелковски
Эна-Хишка

## НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КIОШТАШ

Веданан кIошт
Гуьмсан кIошт
Итон-Кхаьллан кIошт
Курчалойн кIошт
Нажи-Юьртан кIошт
Невран кIошт
Соьлжа-Палин кIошт
Теркайистан кIошт
ТIехьа-Мартанан кIошт
Хьалха-Мартанан кIошт
Шаройн кIошт
Шелан кIошт
Шелковски кIошт
Шуьйтан кIошт
Эна-Хишкан кIошт

## УСТРАДА-ГІАЛИН ОКРУГАН ЙАРТАШ

Бердкlел
Примыкани
Чечана

## СОЬЛЖА-ГІАЛИН ОКРУГАН ЙАРТАШ

Дружба
Мамакхи-Кlотар
Маршо-Юрт
Мехкадаьттан-Юрт

## ВЕДАНАН КІОШТ

Эгlашбета
Белгlата
Беной-Кlотар
Ведана
Мехкдаьттан-Ирзе
Зеламхи-Кlотар
Эшал-Хоте
Гуьна
Марзой-Мохк
Меседой
Хьаьжи-Эвла
Даьргlа
Дишни-Ведана
Лакха-Куьрчала
Гезинчу
Лаха-Куьрчала
Хlинда
Махкатlе
Дуц-Хоте
Келой-Эвла
Селим-Тевзана
Борзе
Жани-Ведана
Кошка-Аре
Ноже
Теза-Кхаьлла
Юкъарча
Тевзана
Хорача
Хоттане
Ихlара
Къоьзана

Юккъера Куьрчала
Ширдой-Мохк
Ари-Эвла
Орса
Буни
Макажа
Ригаха
Сада
Тунжи-Эвла
Куьланха
Хьаркара
Хой
Вер-Хоте
Лакха-ЦІе-Ведана
ЦІе-Ведана
Элстанжа
Эрсана

## ГУЬМСАН КІОШТ

Гуьмсе
Азамат-Юрт
Билтой-Юрт
БоргІане
Гезлой-Эвла
ГІулара-Юрт
Дарбанхи
Жалкх
Ишхой-Эвла
Къеди-Юрт
МаслаІат-Юрт
Берза-Боьра
Мелчхе
Керла Бена
Керла Энгана
Хаьнгаш-Юрт
Керла Шоьна
Энгал-Эвла

## ИТОН-КХАЬЛЛАН КIОШТ

Бiовла
Гезаха
БугIара
Хьачара
ГутIа
КIонжаха
Мулкъа
Башан-Кхаьлла
Гучум-Кхаьлла
Зумса
Итон-Кхаьлла
Кхокхада
ЦIамда
ЧIаьнта
Хьелда
Лекхара Бара
Гимара
Кей
Кхенаха
Маьлхиста
Мацкъара
Никара
ТIерла
Шуьнди
Арстаха
Басха
Бечига
Ботарчу
Тусхара
Цацаха
Эзаха
ЧIиннах
Луьнка
Сакан-Йисте
Хилдехьа
Хаз чу

## КУРЧАЛОЙН КIОШТ

Курчалой-Эвла
Iаларой-Эвла
Аьхкинчу-Борзе
Ахьмад-Юрт
БIачи-Юрт
Гелдагана
ЖугIурта
Илсхан-Юрт
Майртуп
Ачаршка
ЖагIларга
НикIи-ХитIа
РегIатIа
Коьран-Бена
Хьиди-КIотар
Цоци-Эвла
ЖагIи-КIотар
Эна-Кхаьлла
Белта
Iусум-КIотар
Ялхой-Мохк

# НАЖИ-ЮЬРТАН КIОШТ

Айти-Мохк
Iалара
ГIансолчу
Iуьса-Юрт
СовргIа
ТIуртIи-КIотар
Байтарка
Тати-КIотар
БуланхитIа
Беной-Ведана
Лоьма-КIорц
Оьла-Мохк
Бена
Гуьржа-Мохк
Денги-Юрт
Коьран-Бена
Iожи-Юрт
Оьси-Юрт
Пхьачу
Стерч-Керч
ГIалийтIа
Гендаргана
Зандакъ-Ара
Гилна
Баса-ГIоьрдала
ГIулара
МаIси-КIотар
Хьашт-Мохк
БулгIат-Ирзе
Даттаха
Чиччалха
Зами-Юрт
Зандакъа
Бетти-Мохк
Мескета
Зами-КIотар
СогIанта
МехкаштIехьа
Нажи-Юрт
Чуьрча-Ирзе
Билта
Ишхой-КIотар
РогIан-КIажа
Хьочи-Ара
Сесана
Симсара
ЦIоьнтара
Чари-Мохк
Шоьна
Бешал-Ирзе
Доьвлатби-КIотар
Шовхал-Берд
Энгана

## НЕВРАН КIОШТ

Невре-Гlала
Алпатов-Кlотар
Свободни
Дальни
Ищерски
Гала-Гlала
Козлов-Кlотар
Корнеев-Кlотар
Постни
Селиванкин-Кlотар
Левобережни
Юбилейни
Клинков-Кlотар
Майорски
Мирни
Салт-Гlала
Обилни
Суворовски
Керла-Солкушено
Новотерски
Рубежни
Савельевски
Ульяновски
Фрунзенски

## СОЬЛЖА-ГIАЛИН КIОШТ

Iалхан-Гlала
Беркат-Юрт
Бамат-Юрт
Коьрте
Баса-Пала
Галне
ДаьттагI
Дай-Аре
Чурт-ТогIе
Бартхой
ГIунаш
Долинск
Керла-Юрт
Iумхи-Кlотар
Iалхан-ХитIа
Победенски
Радужни
Газгородок
Аьхкин-Борзе
ЧIант-Юрт
ТогIе
Дойкур-Эвла
ЦIоьнтара-Юрт

## ТЕРКАЙИСТАН КІОШТ

Бена-Юрт
Ломаз-Юрт
Лакха-Невре
Іели-Юрт
ТІеман-Борзе
Зебар-Юрт
ЧІулга-Юрт
ГІулоз-Чоь
Іамта-КІотар
Макне
Аьчка-ХитІа
Лаха-Невре
Макан-КІотар

## ТІЕХЬА-МАРТАНАН КІОШТ

ТІехьа-Марта
ВаларгтІе
Шовдан-Юрт
Заки-Юрт
Котар-Юрт
ГІулара
Мержа
Іас-Йист
СемаІашка
Іашхой-КІотар
Хаьмби-Ирзе
ШаІми-Юрт
Янди-КІотар

## ХЬАЛХА-МАРТАНАН КІОШТ

Хьалха-Марта
Олхазар-КІотар
Іалхан-Юрт
Гихта
ГаланчІож
Гихчу-КІотар
МоцІарха
Хьайбаха
ГІой-Ийст
ГІой-Аре
ГІойтІа
ГІойчу
Мартанчу
Пешха
Рошничу
ХІийлаха
ЧІармаха
Йоккха АтагІа
Таьнгичу
Аьккха
Шалажи
Ялхара

## ШАРОЙН КІОШТ

Бути
Кӏайхи
Кӏесала
Кири
Хьакъмада
Хӏима
Хуланда
Цӏеса
Чайра
Шара
Шикъара

## ШЕЛАН КІОШТ

Белгӏатой-Эвла
Гермачиг
Дуби-Эвла
Жима Атагӏа
Мескар-Эвла
Сиржа-Эвла
Шела
Эвтара
Эгӏашта
Чуьйри-Эвла

# ШЕЛКОВСКИ КIОШТ

Шелковски
Бороздиновски
Бурунски
Зелени
Песчани
Рунни
Воскресеновски
Дубовски
Кхара-Кхаьлла
Каршыга-Эвла
Керла-Гилна
Курдюковски
Ново-Щедрински
Ораз-Эвла
Восход
Мирни
Сары-Су
Старогладовски
Гlарчи-Гlала
Харковски
Червленная-Узловая
Оьрза-Гlала
Парабоч
Шелкозаводски

## ШУЬЙТАН КIОШТ

Бена
Дехьа-Йисте
Мус-Кхаьлла
Мусолт-Эвла
Лакха-Варанда
Соьжа
Борзе
РегI-Духе
Тумса
Вашандара
Хьаьлкана
Горгача
ДIай
Доча-Борзе
Зонаха
Лаха-Варанда
Нихала
Нохч-Кела
Бекум-Кхаьлла
Ваьрде
ГIуш-Корта
Пхьаьмта
Саьтта
Урд-Юххе
Юккъера Кела
Улус-Керт
Сона
Хьал-Кела
Жима Хьорсана
Хьорсана
Орц-КIел
ЧIишка
Шара-Оргне
Хьакка
Шуьйта
Яраш-Марда

## ЭНА-ХИШКАН КIОШТ

Эна-Хишка
Эха-Борзе
Буммат
Дака-Бух
Муьжгана
ЦIечу-Аьхке

Сатуев Хьусайн

## Маьлхан Нохчийчоь

ХIе-хIей! Стигла кхийдаш, дешех лепа
вина ламанаш.
Йалта кхиош, хIордах ловзу
шера аренаш.
Генахь хилча со,
Гергавоьхуш со,
Гергавеъча, сан ирс хуьлу
шера аренаш.
Маьлхан тIемаш хоьций йогIу
нохчийн Iуьйренаш,
Ойла хазйеш, аьхна кхочу
сийна суьйренаш.
Даймохк хазбеш, дахар тодеш,
кхечи заманаш,
Ирсо йаьхна эшарш лоькхуш,
дека ламанаш.

